

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Métode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Métode Panalungtikan

Métode mangrupa cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan kalawan ngagunakeun téhnik sarta alat-alat nu tangtu. Sacara gurat badagna métode nu sok dipaké dina panalungtikan téh nya éta métode historik, métode déskriptif, jeung metode ékspérimental (Surakhmand, 1989: 29).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif, hiji métode pikeun ngagambarkeun kaayaan objék nu ditalungtik tur ngémbréhkeun aspek-aspek anu dijadikeun puseur perhatian dina panalungtikan. Ieu métode téh saéstuna mah leuwih mangrupa istilah umum anu ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif. Nu dimaksud panalungtikan kalawan téhnik déskriptif téh di antarana baé nya éta panalungtikan anu ngajéntrékeun, nganalisa jeung ngelasifikasikeun; panalungtikan kalawan téhnik survéy, tehnik interviu, angkét, obsérvasi, atawa téhnik tést (Surakhmand, 1989: 139).

Tujuan métode déskriptif téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, sarta akurat ngeunaan pakta-pakta jeung sipat-sipat populasi atawa daerah nu tangtu (Amir Suyatna, 2002: 14).

Saterusna diécéskeun yén dina prak-prakan, métode-métode déskriptif teu ngan sakadar ngumpulkeun jeung nyusun data, tapi ngawengku ogé analisa jeung

interpretasi ngunaan éta data. Panalungtik mibanda pancén pikeun nyieun kacindekan tina data anu ditalungtikna.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji usaha kumaha cara (prosedur) nu kudu dilakonan kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan téh bisa kahontal. Patali jeung métode anu digunakeunana téhnik anu dianggap merenah pikeun ieu panalungtikan nya éta téhnik “osérvasi” jeung “interviu”.

Téhnik observasi aya nu sipatna partisipan (panalungtik kalibet langsung dina kagiatan anu keur ditalungtik), jeung anu sipatna nonpartisipan. Dina ieu panalungtikan, observasi anu dilakukeun gegedéna anu sipatna nonpartisipan, nya éta nitenan objék panalungtikan pikeun ngumpulkeun data téh di luareun kanyahona réspondén. Aya kalana kagiatan ieu téh lumangsung dina kaayaan loma, bari ngobrol, anjang sono, atawa nitenan ti kaanggangan ngeunaan kagiatan atawa paripolah anu dilakukeun ku réspondén, nepi teu karasaeun yén panalungtik téh keur nitenan hal-hal nu patali jeung bahan panalungtikan. Kagiatan obsérvasi ieu téh lumangsung dumasar patokan-patokan anu tangtu luyu jeung tempat katut tujuan ieu panalungtikan.

Téhnik ngumpulkeun data ku cara interviu (wawancara), dilakukeun pikeun ngahasilkeun data anu sipatna “*emic*”(sawangan/pamanggih respondén), pikeun nganyahokeun kumaha éta réspondén téh nyawang kana kaayaan manéhna katut pasualan anu diajukeun ku panalungtik sorangan nepikeun/ngajukeun data nu

sipatna “etic” (sawangan panalungtik), minangka bubuka sakaligus pikeun mancing sawangan atawa keterangan ti réspondén. Nu satuluyna mah tinggal panalungtik anu kudu ngolah, napsirkeun, nganalisis nurutkeun métode, téori téhnik jeung sawanganana sorangan. Dina prak-prakanna wawancara anu dilaksanakeun téh sipatna “bebas terpimpin” nya éta wawancara kalawan patokan sacara gurat badagna wungkul, nu mangrupa adumanis tina interviu “bebas” (*unguided interview*) jeung interviu “terpimpin” (*guided interview*), (Suharsimi Arikunto, 2002: 132).

Lian ti dua téhnik tadi, dina ieu panalungtikan aya sabagian data anu dipaluruh tina hasil talaah pustaka. Talaah/studi pustaka ieu dilakukeun pikeun nalungtik/ngumpulkeun data-data nu aya dina sumber tinulis, sakaligus dijadikeun bahan bandingan kana data di lapangan.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Data anu geus dikumpulkeun téh mangrupa kecap-kecap sarta lain mangrupa angka-angka atawa jumlah. Panalungtikan anu dilaksanakeun ieu téh mangrupa panalungtikan kualitatif, sabab métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptif anu ngahasilkeun data-data mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan jeung prilaku atawa paripolah anu bisa katitén.

Pedoman instrumén panalungtikan nya éta:

1. Pedoman obsérvasi, nya éta patokan anu dipaké pikeun niténan data lapangan.
2. Pedoman wawancara, nya éta téhnik nu dipaké pikeun nyangking informasi lisan.

3.3 Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa bebeneran, téori atawa pamadegan, nu dijadikeun dasar pamiangan hiji panalungtikan, sarta éta téh mangrupa cecekelan anu teu kudu dipasualkeun deui bener atawa salahna, tapi prinsipna kudu bisa ditarima ku saha baé tampa kalawan diuji heula.

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- a. Istilah-istilah dina pakasaban ngémpang bisa dianalisis dumasar kana basa anu digunakeun, widang istilah, jeung wangun kecap.
- b. Dina kgiatan ngémpang, ngandung unsur-unsur budaya.
- c. Pakasaban ngémpang mibanda istilah-istilah husus boh anu patali jeung pakakas, cara migawé, kgiatan kasab, boh ngémpangna sorangan.

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Data nya éta hasil catetan panalungtik, boh nu mangrupa fakta boh nu mangrupa angka. Dina sumber SK Menteri P dan K No. 0256/U/1977 tanggal 11 Juli 1977 nétélakeun yén data nya éta sagala fakta jeung angka nu bisa dijadikeun bahan pikeun nyusun hiji informasi, sedengkeun informasina sorangan nya éta hasil tina ngolah data nu dipaké pikeun kaperluan (Suharsimi Arikunto, 2002: 96).

Dina ieu panalungtikan, datana nya éta istilah dina sistem pakasaban ngémpang nu aya/kapaluruh di Kampung Handiwung. Éta istilah téh boh nu patali jeung cara migawé, pakakas, kgiatan/istilah kasab, boh ngémpangna sorangan.

3.4.2 Sumber Data

Nu dimaksud sumber data nya éta subjék di mana data bisa kumpul. Arikunto (2002: 107) nétélakeun tilu klafifikasi sumber data ku hurup awal *p* tina basa Inggris, nya éta:

- *p = person*, nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- *p = place*, nya éta sumber data nu katempona mangrupa kaayaan cicing jeung teu cicing.

Cicing, misalna rohangsan, alat, wujud barang, warna, jste.

Teu cicing, misalna aktivitas, gawé, ritme nyanyian, gerak ibing, kagiatan ngajar, jste.

- *p = paper*, nya éta sumber data tina tanda-tanda nu mangrupa hurup, angka, gambar, sarta simbol-simbol lianna.

Kusabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun dua téhnik, nya éta téhnik observasi jeung interviu (wawancara), sumber data nu dipaké dina panalungtikan asup kana klasifikasi *person* jeung *place*. Sumber data dina téhnik obsérvasi nya éta barang/pakakas, cara/prosés migawé, kagiatan kasab nu kapanggih dina pakasaban ngémpang. Sedengkeun pikeun téhnik wawancara atawa interviu nu jadi sumber data téh respondén, nya éta jalma anu ngarépson atawa ngajawab patalékan-patalékan panalungtik.

3.5 Tehnik Ngolah Data

Pikeun ngagampangkeun dina usaha ngumpulkeun data, téhnik panalungtikan dilengkepan ku téhnik ngolah data panalungtikan. Ku kituna pikeun nyangking data téa perlu ngagunakeun téhnik anu tangtu dina ngolahna:

- a. Téhnik ngolah data dina panalungtikan, taya lian maksudna mah pikeun mikanyaho prosentase jumlah masing-masing dina istilah ngémpang anu ilahar di Kampung Handiwung.
- b. Pikeun néangan sababaraha lobana istilah ngémpang anu ayatur kapanggih di sumber data.

3.6 Léngkah Garapan Panalungtikan

Nu dimaksud léngkah garapan panalungtikan ieu nya éta gambaran lumangsungna kagiatan panalungtikan ti mimiti nepi ka réngséna. Sacara gurat badagna éta léngkah garapan téh bisa katitén saperti di handap ieu:

3.6.1 Tahap Tatahar

Tahap tatahar ieu mangrupa léngkah munggaran anu ngawengku kagiatan; (1) nangtukeun téma/konsép jeung judul panalungtikan; (2) nyusun proposal panalungtikan, minangka gambaran umum kagiatan nu baris dilaksanakeun; (3) seminar proposal, mangrupa lajuning ajuan proposal panalungtikan pikeun maheutkeun téma/kosép nu diajukeun, sarta nangtukeun alus goréngna, bisa henteuna éta konsép téh dijieu hiji panalungtikan; jeung (4) nguruskeun surat ijin panalungtikan.

3.6.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Tahap ngumpulkeun data mangrupa kgiatan utama dina ieu panalungtikan. Ieu tahap/kagiatan téh dimimitian ku ngayakeun survéy saliwanan ngeunaan objék panalungtikan, sabada éta kakara kagiatan ngumpulkeun bahan/data ka sumber data (répondén) dimimitian. Bahan nu patali jeung fokus panalungtikan téh satékah polah dikumpulkeun saloba-lobana, kalawan ngagunakeun téhnik panalungtikan nu sebut munggaran (obsérvasi jeung wawancara).

3.6.3 Tahap Ngolah Data

Tahap ngolah data ieu mangrupa kagiatan nyusun, nganalisa jeung interpretasi ngeunaan data anu dikumpulkeun, nu lumansung ti mimiti kagiatan ngumpulkeun data dipigawé, nepi ka bener-bener dianggap maksimal boh kualitas boh kuantitasna, nu satuluyna disusun dijieun kacindekan ahir.

3.6.4 Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan mangrupa kagiatan ahir panalungtikan, pikeun ngébréhkeun naon waé hasil tina kagiatan panalungtikan. Éta laporan téh diupidangkeun mangrupa skripsi, nu disusun dumasar sistematika nyusun wiangun bab jeung subbab.

